

# Gid Resous sou Sekirite



The Autism Program  
AT BOSTON MEDICAL CENTER




(617) 414-3842



autismprogram@bmc.org



<https://www.bmc.org/autism-program>



The Autism Program nan Boston Medical Center ap fè efò pou asiste ak responsabilize moun ki nan espèk otis yo ansanm ak fanmi yo. Nan gid sa a, nou pral pale sou plizyè sijè ki gen pou wè ak sekirite anndan kay la epi nan kominote a, san bliye sekirite sou entènèt, sèvis suivi yo, sekirite nan sa k gen pou wè ak dlo, epi plis toujou.

## Tabdèmatyè

### Sekirite Anndan Kay la

Sekirize Kay la	Pg. 1-4
Enfòmè Vwazinay	Pg. 4
Vizitè: Yon Istwa Sosyal	Pg. 5
Sekirite sou Entènèt	Pg. 6-7

### Sekirite Andeyò Kay la

Aparèy lokalizasyon	Pg. 8
Idantifikasyon Medikal	Pg. 9
Preparasyon pou Vwayaj	Pg. 10
Sòti nan machin/pakin	Pg. 10
Sekirite nan Kominote a	Pg. 11
Entèraji ak Etranje: Yon Istwa Sosyal	Pg. 12-13
Rankont ak Lapolis	Pg. 14
Konpòtman Moun K ap Kite Kay yo	Pg. 15
Kijan pou Anpeche Konpòtman Kouri Kite Kay la: Yon Istwa Sosyal	Pg. 16-17
Sekirite nan sa ki gen pou wè ak Dlo	Pg. 18
Rekonesans ak Prevansyon Abi ak Abi Seksyèl	Pg. 20-21

### Enpresyon

Siy Sispann, Panse, Mande	Pg. 22-23
Kat "Mwen gen otis" yo	Pg. 23
Kòd QR: Mòd Anplwa yo	Pg. 23

## Kòd QR: Mòd Anplwa yo

Pandan w ap li gid nou an, nou pral souvan fè referans ak resous ki itil anpil tankou posibilite enstalasyon nan kay yo, lojisyèl sekirite sou entènèt, dispozitif lokalizasyon pou sekirite yo, ak plis toujou. Nan ka sa yo, nou pral mete yon kòd QR ki ap la toupre w, pou w kapab aprann plis.

### Si ou ap li gid sa a anliy:

Senpleman klike sou kòd QR yo pou ale sou sit entènèt resous la

### Si ou ap li yon kopi reyèl gid sa a:

Ouvri aplikasyon kamera ki sou telefòn ou a oswa yon aplikasyon lektè kòd QR, epi eskane kòd QR la pou ale sou sit entènèt resous la



## Sekirize Kay la

Si yo fè dyagnostik twoub espèk otis (ASD) oswa yon twoub ki parèy lakay pitit ou, li enpòtan pou w pran tan pou w fè kay ou vin gen yon anviwònman sekirite epi konfòtab. Men kèk konsèy:


**Divilgasyon: The Autism Program pa resevwa finansman oswa li pa gen okenn rapò ak konpayi oswa sèvis sa yo.**

### 1. Enstale Lèt Seri Pòt Anplis

Seri a gòj yo ofri yon nivo sekirite ki pi plis pase seri a resò òdinè yo, paske:

- Yo pa kapab ouvri yo si yo pa vire silenn vewouyaj la.
- Yo pa kapab ouvri yo ak yon kat kredi.
- Yo pi pwès epi yo antre de fwa pi fon pase seri a resò yo.

**Klike sou oswa ale sou kòd QR ki pi ba yo pou w kapab wè kijan pou enstale seri a gòj nan kay ou!**



2. Enstale **Alam a Son** nan Pòt yo ak Fenèt yo  
Alam a son yo se aparèy ki fasil pou enstale sou pòt ak fenèt ki fè gwo bri lè yo aktive. Kaptè sa yo se yon opsyon ki a bon pri konpare ak sistèm alam pou kay ki chè anpil yo. Alam sa yo itil anpil pou anpeche pitit ou a kite kay la san w pa konnen. Ou kapab:

- Achte yon gam ki gen 2 rive 4 alam pou 15\$ rive 20\$
- Tache klòch nan yon ti fil epi mare yo nan pwanyè pòt yo oswa fenèt yo

**Klike sou oswa ale sou kòd QR ki pi ba a pou jwenn kèk opsyon alam kay ki a bon pri!**



## Sekirize Kay la (Suit)

### 3. Enstale **Pwotektè Bòdi an Kawotchou** nan pati pwenti mèb

pou paran ki gen timoun ki kapab an mouvman souvan yo, paske enstalasyon pwotektè pati pwenti pou mèb yo kapab ede nan anpeche timoun nan blese alavni. Ou kapab:

- Achte pwotektè ki transparan oswa pa transparan
- Achte pwotektè pou pwenti yo oswa pou bòdi yo



**Klike sou oswa ale sou kòd QR ki pi ba a pou jwenn kèk opsyon pwoteksyon pou bòdi ki a bon pri!**



### 4. Enstale **Atach pou Mèb**

Mèb yo kapab se yon risk pou timoun ki renmen mon sou ak deplase bagay. Ou kapab:

- Itilize kousen an kawotchou atè a pou anpeche timoun nan glise.
- Sèvi ak espageti oswa boulon sou miray la pou anpeche mèb an tonbe

**Klike sou oswa ale sou kòd QR ki pi ba a pou w kapab jwenn fason pou byen tache mèb ou yo!**



### 5. Enstale **Kouvèti pou Priz Kouran** ki toupatou nan kay la

Kouvri priz elektrik yo se yon bon fason pou pwoteje timoun piti yo kont nenpòt posibilite chòk elektrik.

**Klike sou oswa ale sou kòd QR ki pi ba a pou jwenn kèk opsyon kouvèti pou priz elektrik ki a bon pri!**



### 6. Enstale **seri ki pi piti** nan Kizin lan

Kèk fwa, kabinè yo kapab genyen pwodui chimik ki danjere, materyèl pou fè manje, oswa lòt bagay ou vle ki pou rete fèm pou moun pa al ladan yo. Pou byen sekirize kizin ou, ou kapab:

- Enstale kadna nan kabinè ki p ap parèt pou timoun nan wè yo oswa ki pi wo pase kote timoun ou an kapab rive a
- Bloke bouton reglaj flanm dife fou yo pou yo pa vire

**Klike sou oswa ale sou kòd QR ki pi ba a pou jwenn kèk opsyon kadna ki pi piti ki a bon pri!**





## Sekirize Kay la (Suit)

### 7. Enstale baryè oswa pwoteksyon pou fenèt

Si kay ou a genyen fenèt ki wo ki ouvri epi ki pa gen pwoteksyon, baryè oswa pwoteksyon fenèt yo se yon bon mwayen pou pwoteje timoun yo ki kapab riske tonbe. Pou jwenn gad fenèt yo, moun ki abite andedan ak deyò Boston ka rele Boston Housing Work Authority Center nan 617-988-4357. Lè w ap achte baryè oswa pwoteksyon fenèt, asire w:

- Si fenèt ou a se sèl grenn metòd pou yon timoun chape sòti nan sal la oswa kote a, achte yon baryè oswa pwoteksyon fenèt a chanyè ki kapab louvri pou pèmèt moun kouri chape si ta gen dife oswa yon ijans
- Pwoteksyon w ap achte a koresponn ak dimansyon fenèt ou a oswa li kapab ajiste

**Klike sou oswa ale sou kòd QR ki pi ba a pou jwenn kèk opsyon pwoteksyon (baryè) fenèt ki a bon pri!**


Boston Public Health  
Commission



Amazon



Home Depot



### Si se lwe w ap lwe yon apatman oswa yon kay:



Selon **Fair Housing Act (Lwa sou Lojman Ekitab)**, si ou genyen yon andikap ki mande pou w fè modifikasyon rezonab nan fason w ap viv, pwopriyetè lojman an dwe ba w aksè pou fè modifikasyon apre w fin fè konnen bezwen w genyen yo. Modifikasyon yo kapab se baryè pou fenèt, seri pòt ki pi djanm, kadna nan kabinè, ak plis toujou. Sepandan, ou kapab nan obligasyon pou w peye tout lajan modifikasyon sa yo ap koute a. **Pou w kapab jwenn enfòmasyon ki pi detaye sou modifikasyon ki rezonab epi pou konnen kijan pou w mande yo, klike sou oswa ale sou kòd QR la.**

### Big Red Safety Box (Gwo Bwat Wouj Zouti Sekirite)

Big Red Safety Box (Gwo Bwat Wouj Zouti Sekirite) The National Autism Association (Asosyasyon Nasyonal Otis) an se yon kit zouti gratis (sa ka rive w peye frè livrezon) yo bay fanmi moun ki souffri twoub espèk otis yo. Kilt la gen objektif pou l edike, sensibilize epi mete zouti senp a dispozisyon yo sa ki pral ede yo evite, epi reyaji fas ak, sitiyasyon ijans ki gen pou wè ak deplasman sanzatann yo (timoun ki sove).



## Sekirize Kay la (Suit)

### Big Red Safety Box (Suit)

Gwo Bwat Wouj Zouti Sekirite NAA a genyen ladan l resous sa yo:

- Yon livrè "Be REDy Booklet" ki genyen ladna l materyèl edikasyon ak zouti ki pi ba yo:
  - Yon lis verifikasyon responsab swen
  - Yon Plan Ijans pou Ka Kote Gen Moun ki Sove nan Fanmi a
  - Yon fòmilè pwofil pou sekouris
  - Yon bwochi pou prevansyon ka kote timoun ap sove
  - Yon Lèt Echantiyon IEP
  - Yon Fòmilè Pwofil Etidyan
  - Kat Idantifikasyon Emosyonèl
  - Konsèy Rapid pou Ka Kote Timoun Sove
- De (2) Alam San Fil pou Pòt/Fenèt ak tout batri (pil) yo
- Yon braslè idantifikasyon pou lari oswa yon etikèt idantifikasyon nan soulye
- Senk (5) Pano Estòp Vizyèl ak Fraz ki akpab Kole pou pòt ak fenèt
- De (2) Otokolan Alèt Sekirite pou Fenèt machin oswa kay
- Yon Kit Idantifikasyon pou Timoun Sant Nasyonal Timoun ki Pèdi oswa Eksplwate a bay

**Klike sou oswa ale sou kòd QR ki adwat la pou w kapab fè kòmand yon bwat!**



## Enfòmè Vwazinay

Lè w enfòmè vwazen w yo sou bezwen sekirite pitit ou a genyen yo poutèt li soufri otis, se yon bon mwayen pou w kapab gen je anplis sou timoun sa nan ka nenpòt bagay ta rive. Si ou konfòtab pou w pale ak lòt moun sou dyagnostik timoun ou a, ou kapab fè vwazen w yo konnen:

- Pitit ou a soufri otis ak/oswa lòt andikap
- Fason timoun ou an kominike/konprann lang
- Sa ki kapab rekonfòte pitit ou a
- Nenpòt konpòtman oswa deklannchè ki kreye difikilte
- Enfòmasyon kontak ou



**Klike sou oswa ale sou kòd QR ki pi ba a pou wè yon egzanzp lèt ou ta kapab bay vwazen ou ki genyen enfòmasyon sa ladan !**



Lèt Egzanp lan



PDF

# Vizitè: Yon Istwa Sosyal


Souvan fwa, li kapab difisil pou timoun ki gen otis yo konprann ki rezon ki fè yo pa ta dwe ouvri pòt pou etranje. Istwa sosyal sa a gen entansyon ede nan anseye timoun yo pou yo pwoteje tèt yo kont moun yo pa konnen, sitou anndan kay la.

Istwa Sosyal sa a pale sou pòt yo pa dwe louvri bay moun yo pa konnen.



1

Kèk fwa, etranje yo kapab sonnen pòt mwen oswa frape pòt prensipal lakay mwen lè manman m, papa m, frè ak sè m yo okipe oswa ap dòmi.




2

Mwen pa dwe janm louvri pòt bay okenn moun san mande paran m pèmisyon, menm si li ta parèt se yon moun m konnen nan vwa a.



3

Si mwen tande sonèt pòt la sonnen oswa gen yon moun k ap frape pòt la, mwen dwe ale di manman m ak papa m sa tousuit. Sa gen anpil danje ladan l pou m al ouvè pòt la poukont mwen.



4

# Sekirite sou Entènèt

Mete plis limit nan kesyon sekirite pitit ou a sou entènèt, jere kantite tan l ap fè devan ekran, epi mete restriksyon sou sa l ap gade anliy yo kapab difisil anpil. Epiou, kèk timoun ki gen otis kapab pa konnen kijan pou retire tèt yo nan relasyon anliy ki danjere yo. Nan pwochen paj la, nou pral konsantre sou fason ki p ap mande anpil pou jere kantite tan timoun nan ap fè devan ekran ansanm ak restriksyon sou aplikasyon/entènèt sou yon varyete aparèy, pou ede l rete an sekirite epi an sante. **\*Nou pa resevwa esponsò ni nou pa gen okenn rapò ak konpayi/sèvis sa yo.**

## Aplikasyon Entegre sou Apple ak Windows:



Lè w itilize **lojisyèl Restriksyon Paran** ki entegre nan plizyè aparèy Apple yo, ou vin kapab:

- Mete limit sou kantite tan pitit ou a ap fè devan ekran
- Mete limit sou aksè pitit ou a genyen nan kamera ki tou anndan aparèy ou an
- Mete limit sou aksè pitit ou a genyen sou sit pòno yo ak kapasite li gen pou efase istorik navigatè a
- Mete limit sou aksè pou enstale aplikasyon / kapasite pou enstale aplikasyon
- Efase aplikasyon tankou Safari, Mail, Messages, ak plis toujou

**Klike sou oswa ale sou kòd QR ki pi ba yo pou jwenn enstriksyon sou kijan pou aktive restriksyon paran sou chak aparèy!**



Òdinatè



Mobil

Lè w itilize **lojisyèl Restriksyon Paran** ki entegre nan plizyè aparèy Apple yo, ou vin kapab:

- Mete limit sou kantite tan pitit ou a ap fè devan ekran
- Mete limit sou aksè pitit ou a genyen sou sit pòno yo ak kapasite li gen pou efase istorik navigatè a
- Aktive yon "Opsyon Lekt", ki elimine ba lateral yo, kòmantè yo, ak piblisite yo pandan timoun nan ap navige a
- Mete limit sou aksè timoun ou genyen pou enstale aplikasyon / kapasite pou enstale aplikasyon
- Jenere rapò aktivite chak semèn sou rechèch anliy yo, itilizasyon aplikasyon ak plis toujou

**Klike sou oswa ale sou kòd QR ki pi ba yo pou jwenn enstriksyon sou kijan pou aktive restriksyon paran sou chak aparèy!**



PC



Xbox

## Sekirite sou Entènèt (Suit)

### Konvèsasyon sou Sekirite sou Entènèt

Chita epi pale ak pitit ou a sou sekirite l sou entènèt kapab enpòtan menm jan li enpòtan pou jere aparèy l ap itilize a gras ak restriksyon parantal yo, paske konvèsasyon sa yo kapab ede nan kreye divès konpetans sekirite alontèm epi ede timoun ou an konprann poukisa kèk restriksyon parantal kapab nesèsè.

#### Materyèl ki pa Apwopriye

- Pale ak pitit ou a sou ki kalite kontni ki pa apwopriye ansanm ak danje epi konsekans ki genyen lè l ale sou sit sa yo
- Ankouraje pitit ou a montre w kontni yo pa sèten ki apwopriye yo

Sa gen anpil danje ladan l pou voye yon foto w toutouni bay moun. Si yon lòt moun ta voye foto ki pa apwopriye ba w, tanpri fè m konn sa a.

#### Predatè

- Bay yo yon lis enfòmasyon ki pa ta dwe pataje sou entènèt la, pa egzanp:
 

<input type="checkbox"/> Non konplè	<input type="checkbox"/> Lekòl
<input type="checkbox"/> Adrès	<input type="checkbox"/> Nimewo Sekirite Sosyal
<input type="checkbox"/> Dat nesans	<input type="checkbox"/> Nimewo Telefòn

#### Asèlman Anliy

- Eksplike pitit ou a kèk fason pou idantifye asèlman anliy tankou yon non yo posib ba li pote, kontak pèsistan epi ki pa volontè, resevwa foto ki pa apwopriye, epi plis toujou
- Montre pitit ou a kijan pou bloke yon moun sou pwofil rezo sosyal/telefòn li pou evite asèlman anliy la kontinye.
- Ankouraje pitit ou pale ak yon granmoun si li panse l ap sibi asèlman anliy.

Ta sanble \_\_\_\_\_ pa aji antanke yon bon zanmi epi li ap ba w pote move non. Èske m ka montre w kijan pou bloke l?

## Restriksyon sou Sèvis Difizyon yo

#### YouTube Kids:

Paran yo akpab itilize vèsyon YouTube sa a ki genyen kontni ki adapte pou timoun ladan li. YouTube Kids pèmèt paran yo mete limit sou tan timoun ann fè ap gad videyo, li otorize sèten kanal sèlman, epi plis toujou.

**Klike sou oswa ale sou kòd QR ki pi ba yo pou jwenn plis enstriksyon!**

#### Netflix Kids:

Ou kapab kreye yon kont Netflix Kids pou timoun ou an, pou asire w li ap gade kontni ki apwopriye pou laj li epi pou mete limit sou difizyon videyo yo.

**Klike sou oswa ale sou kòd QR ki pi ba yo pou jwenn plis enstriksyon!**



Gid



Sit



Gid



Yon lòt gid



**Divilgasyon: The Autism Program pa resevwa finansman oswa li pa gen okenn rapò ak konpayi oswa sèvis sa yo.**

**SONJE:** Anvan w peye ak lajan w, pale ak ekip medikal timoun ou a sou opsyon finansman ki genyen yo. Si ou bezwen **yon lèt** nan non timoun ou an pou jistifye bezwen yon **dispozitif lokalizasyon oswa yon idantifikasyon medikal**, ale kontakte BMC Autism Program nan:



**(617) 414-3842**



**autismprogram@bmc.org**



## Aparèy lokalizasyon

Aparèy lokalizasyon yo se yon bon opsyon si ou vle gen kontwòl kote timoun ou an pozisyon. Li kapab sove lavi timoun nan si timoun ou an toujou gen anvi chape kite kay la. Aparèy lokalizasyon yo vini sou diferan fòm tankou braslè, cheviyè, mont, oswa tankou atach. Pi ba a, ou pral jwenn diferan kalite aparèy (dispozitif) ki gen diferan pri. **Klike sou oswa eskane kòd QR yo pou w kapab jwenn plis enfòmasyon sou pwodui a!**

### SafetyNet Tracking Systems

SafetyNet Tracking Systems genyen sèvis sou tout teritwa Massachusetts la epi li an kolaborasyon ak ajans sekirite piblik yo pou asire yo timoun ki gen bezwen espesyal yo ap retounen ale jwenn moun ki responsab yo san danje epi byen rapid. Yo ofri mont ak braslè pou timoun.

*Pri\*: \$120 pou pi piti*



SafetyNet

*\*Asistans Finansye Disponib*

### Project Lifesaver

Project Lifesaver an kolaborasyon ak estasyon polis ki nan Springfield epi nan East Massachusetts yo. Pou jwenn yon aparèy lokalizasyon, ou dwe reye estasyon polis la pou konn ki lè yo disponib pou sa a. Ou kapab jwenn yon lis estasyon polis ki an kolaborasyon yo la a. *Pri yo varye.*



Project Lifesaver

### Apple AirTag

Apple AirTag yo se aparèy lokalizasyon ki tou piti ki ofri enfòmasyon lokalizasyon sekirite atravè siyal Bluetooth lèt aparèy Apple ki toupre yo ap kapab detekte. *Pri: \$29*



Apple Airtag


### Amber Alert GPS

Amber Alert GPS se yon aparèy lokalizasyon ki plis pèsonalize ki tou vin ak atach li. Li senkwonize ak telefòn ou gras ak yon aplikasyon, li kreye "zòn sekirite", epi w kapab rele atravè aparèy la.

*Pri\*: \$154.99 pou pi piti*

### Angel Sense

Angel Sense se yon lòt aparèy lokalizasyon GPS pèsonalize ki vin ak tout atach li. Li difisil pou detache l, epi se ak yon kle manyetik li ka ouvri, sa ki fè li pi bon toujou pou timoun. Genyen yon fonksyonalite SOS sou li ansanm ak yon fason pou pale ak paran an atravè aparèy la. *Pri\*: \$33.33 pou pi piti chak mwa*



Amber Alert GPS



Angel Sense

## Idantifikasyon Medikal

Idantifikasyon medikal fonksyone nan lide pou enfòmè lòt moun timoun ou an genyen otis epi li mete enfòmasyon w disponib si timoun nan ta vin poukont li. Idantifikasyon medikal se yon opsyon yo itilize ansanm ak aparèy lokalizasyon yo oswa poukont yo. Asire w ou:

- Ekri nenpòt **kalite alèji oswa enfòmasyon medikal enpòtan**
- Mete **enfòmasyon kontak** ou yo
- Egzanp pwodui idantifikasyon medikal yo:
  - Medical Alert Foundation (\$19.99+)
  - Alert Me Bands (\$24.95)
  - American Medical ID (\$23.95+)
  - StickyJ Medical (\$15.99+)

Klike sou non pwodui ki souliyen yo oswa ale sou kòd QR ki pi ba yo pou w kapab achte!



Medical Alert




Alert Me Bands



American Medical



StickyJ Medical



## Rete an kontak ak Fòs Lòd yo

Si pitit ou a s eyon timoun ki toujou sou chape kite kay la, fè l **anrejistre nan komisarya polis la**, sa ki **pral ede yo lokalize l pi fasil** nan ka kote li ta chape oswa kite kay la.

- **North Star Program** nan, ki se yon pwogram Depatman Polis Boston an mete sou pye epi lòt antite entèvansyon annijans konn itilize, sèvi ak yon bazdone konpreyansif ki plen ak enfòmasyon paran an bay pou asire byennèt yon moun nan yon ka ijans.
- **Si ou s eyon rezidan ki pa rete nan Boston**, li rekòmande pou w kontakete departman polis lokal ou a. Pi ba a, ou kapab telechaje **Kit Zouti "Meet The Police"** la ki se yon bagay National Autism Association bay.

Klike sou oswa ale sou kòd QR ki pi ba yo pou jwenn aplikasyon an ak kit zouti a!



North Star




Meet the Police



# Preparasyon pou Deplasman Timoun ou an

Anvan pitit ou a ap deplase, men kèk bagay ou dwe panse fè li pran lè l ap sòti:



**Kat Bous:** yon **zouti gratis** ki kreye pou ede moun ki gen otis kominike yon fason ki klè ak fòs lòd yo oswa Sekouris yo.



**SafetyTat:** yon tatou sekirite ki amizan, plen koulè, epi ki tanporè ki kapab pèsonalize ak nimewo telefòn selilè moun ki responsab timoun nan. Li itil anpil si timoun nan ap ale nan ti sòti/nan kan.



if LOST, please call:

NIMEWO OU A LA A



© SafetyTat.com

if LOST, please call:

NIMEWO OU A LA A



© SafetyTat.com



Si timoun nan gen pwòp telefòn selilè li, asire w **GPS telefòn** nan aktive anvan li deplase.



Si l ap deplase sòti lannuit, fè pitit ou a mache ak yon **ti flach LED**.

## Sòti nan Machin/Pakin



- Idantifye yon **kote nan machin** nan kote timoun ou an ap bezwen manyen jiskaske li rive manyen men moun responsab li a.
- Massachusetts pèmèt fanmi ki gen timoun ki soufri otis yo benefisye **plak pakin pou moun ki andikape**. **Klike oswa ale sou kòd QR la pou gen aksè ak aplikasyon pou plak pakin andikape a.**



# Sekirite nan Kominote a

## Ki Moun pou Mande Èd




- Sitiyasyon ijans:
  - Jwenn **paran, responsab legal oswa responsab swen ou**
  - Di "**EDE M**" byen fò, repete si pa gen moun ki tande w
  - Deplase ale yon kote ki gen plis moun
  - Pwoche epi kominike ak yon ofisyè polis, yon ponpye, yon pwofesè, yon doktè, oswa nenpòt granmoun ou fè konfyans
- Sitiyasyon ijans:
  - Pale ak yon manm fanmi an oswa moun ki responsab pou pran swen w lan
  - Kontakte yon zanmi



## Kijan pou Mande Èd

- Rele **paran w, responsab legal ou oswa amoun ki responsab swen** ou si ou gen aksè ak yon telefòn
  - Dekri sitiyasyon ou an ak anpil kalm
  - Tande enstriksyon y ap ba w yo
    - Yo kapab mande w rele 911.
      - Ale gade seksyon ki pale sou "Rankont ak lapolis" la nan pwochen paj la oswa pou plis detay.
- **Lè ou pèdi san okenn aksè ak telefòn oswa aparèy lokalizasyon:**



## Sekirite nan Kominote a (suit)

### Entèraji ak Etranje: Yon Istwa Sosyal

**Rete an sekirite bòkote moun ou pa konnen**



1

Bonjou! Non mwen se Oswald epi sa yo se kèk nan zanmi m. <sup>2</sup>



Nou ta renmen pale ak ou sou kijan pou rete an sekirite bòkote moun ou pa konnen.

Nou konnen ou se yon moun ki amikal anpil. <sup>3</sup>  
Se yon bon bagay lè yon moun amikal epi janti!



Ou renmen pale ak moun epi w toujou ap salye tout moun ou rankontre. Se yon bagay ki bon pou kontre nouvo moun!

Li bon tou pou amikal epi janti ak moun ou konnen tankou fanmi w, zanmi w, kanmarad klas yo, ak pwofesè yo! <sup>4</sup>



Men, li pi enpòtan pou sonje se pa tout moun ki zanmi w. Yo rele moun nou pa konnen yo etranje.

## Entèraj ak Etranje: Yon Istwa Sosyal (suit)

5  
Ou dwe toujou aji ak anpil pridans lè w bòkote etranje.



Si ou pa konnen si yon moun se etranje oswa l pa etranje, ou kapab mande Mnaman w oswa yon lòt moun nan lekòl la, tankou yon pwofesè! Mwen toujou ap mande zanmi mwen, Charlie, si m ta dwe yon ti kras plis pridans lè m bòkote nouvo moun.

6  
Manman m ak mwen toujou sou tansyon paske w pa toujou an sekirite.



Se PA yon bon bagay pou ou lè w ap sove kite Manman w. Se PA yon bon bagay pou ou lè w ap pale ak nouvo moun sof nan ka kote Manman w dakò. Se PA yon bon bagay pou manyen kò yon etranje.

7  
SE yon bon bagay si w kenbe men Manman w lè nou rankontre ak yon nouvo moun.

SE yon bon bagay pou w pa mete men sou moun.



8  
Li enpòtan pou sonje se pa tout moun ki amikal oswa janti menm jan ak ou. Men, li pi enpòtan pou sonje se pa tout moun ki zanmi w oswa fanmi w.




Nou konnen li difisil paske ou amikal epi janti anpil, men Manman w ak mwen fyè ANPIL lè ou an sekirite!

## Kisa pou Anseye (suit)

### Rankont ak Lapolis

Li enpòtan pou panse ak epi pratike fason pou pale ak fòs lòd yo. Pi ba a, w ap jwenn yon avi ki masyone nan yo atik AutismSpeaks epi yon lyen ki ap transfere w nan yon videyo kreyatè Wallet Card yo.

- **Pa eseye chape kite kay la.**
- Eseye **rete kalm** lè w eseye teknik sa yo:
  - **Respire fò.** Rale lè, kenbe l pandan 3 segonn, pouse lè a sòti, epi kenbe pandan 3 segonn anvan w rale lè yon lòt fwa ankò. Repete mouvman an jiskaske w rilaks.



- **Imajine tèt ou ki kalm.** Kreye yon imaj mantal nan lespri w ki dekri ak kisa w sanble lè ou kalm. Toujou panse ak imaj sa a lè w nan moman estrès.
- **Rilaks kò ou.** Debarase w de tansyon ki genyen nan chak mis ou gen sòti nan tèt ou rive nan pwent zòtèy ou lè w fè yon eskàn mantal.

- **Evite** fè kèk mouvman britsoukou oswa evite detire pou pran kèk bagay. Si w bezwen yon bagay, di ofisyè a sa anvan w eseye rive pran bagay la.
- Panse chèche jwenn yon **kat distribisyon.** Antrene w pou w aprann prezante kat distribisyon. Si w santi w pa alèz pou w pataje dyagnostik twoub ou a, asire w ou di ofisyè a ou genyen ASD. Si w pa renmen pale, oswa si entèraksyon britsoukou yo ta anpeche w pale, panse itilize yon **braslè medikal** pou yo ofisyè kapab li sa ki kapab alèz li sou kondisyon w lan. Verifye paj 9 la pou jwenn rekòmandasyon pwodui.
- **Kontakte** yon manm fanmi a, yon defansè oswa yon zanmi ki kapab ede w nan pwosesis entèvyou a si ou ap siyale yon krim, oswa si ou se viktim yon krim, oswa yo akize w pou yon krim.
- Toujou amche ak **nimewo telefòn** yon manm fanmi w, yon znami, yon òganizasyon defans oswa yon defansè (avoka) pèsònèl. Plis enfòmasyon ou bay, pi byen ofisyè an ap kapab ede w.

Klike sou oswa ale sou kòd QR lan pou jwenn atik orijinal la ansanm ak videyo sou Rankont ak Lapolis la.



Atik



Videyo





## Konpòtman Moun K ap Kite Kay yo

Mete sou deplasman planifye yo, fòk ou prepare pou yon lòt kalite "deplasman" ki se **konpòtman chape** kite kay la. Tandans pou chape kite kay la se yon bagay ki fèt souvan lakay moun tout laj ki soufri otis yo, epi sa kapab mete timoun nan sitiyaasyon ki dnajere. Nou espere resous ak enfòmasyon nou konpile yo pi ba yo kapab pwoteje pitit ou a pou l pa gen anyen mal ki rive l.

1. **Sekirize** kay ou (refere w ak paj 1 an pou jwenn plis detay)
2. Mete **siy ki di STOP ak panse** yo toupren nenpòt pòt sòti ki gen nan kay ou a (refere w a paj 22 ak 23 pou jwenn modèl enpresyon yo)
3. Panse achte yon **aparèy lokalizasyon** (refere w a paj 8 ak 9 pou jwenn plis detay)
4. Alète **vwazen w yo** (refere w a paj 4 lan pou plis detay)
  - Menm lè w prezante dyagnostik timoun ou an bay vwazen w yo kapab pa mete yon ola sou konpòtman timoun ou an k ap plede chape kite kay la yon fason dirèk, li ka ede nan redui risk ki asosye ak konpòtman sa a.
5. Alète **Sekouris yo** (refere w a paj 9 pou jwenn plis detay)
  - Kontakte lapolis ak ponpye yo pou fè yo konnen timoun ou an epi pou yo konnen bezwen li genyen yo. Bay yon enfòmasyon kle tankou **karakteristik idantifikasyon** timoun ou an. Dokiman enfòmasyon yo ta dwe genyen tout enfòmasyon ki enpòtan yo epi responsab ak moun k ap pran swen timoun nan dwe kopye yo epi mache ak yo tout tan.
6. Kijan pou mete yon ola sou timoun ou an pou l pa **chape kite kay la**
  - Eseye dekouvri nenpòt **deklannchè, rezon, oswa plan** ki demontre poukisa timoun ou an toujou ap chape kite kay la
    - Kèk egzanp se: dezi pou ale nan yon kote li pi renmen; l ap chape pou l pa rete bòkote gwo bri nan yon sèten moman nan jounen an ki ap rann li boulvèse poutèt li rete lakay
7. Sa pou w fè **si timoun ou an ta disparèt**:
  - **Siyale sitiyaasyon ijans kote timoun ou chape kite kay la bay fòs lòd yo tousuit pandan w ap rele 911.**



# Kijan pou Anpeche Konpòtman Kouri Kite Kay la: Yon Istwa Sosyal

**Mwen pa ta dwe chape kite kay la!**



2



Bonjou! Non mwen se Leo.  
Mwen renmen gade tele, li liv,  
epi jwe deyò.

3



Mwen renmen kouri vit anpil tou.

4



Kouri vit anpil s'eyon bon fason pou m  
degaje enèji! Sa rann mwen toujou rete  
ansante tou. Lè mwen ap kouri, mwen  
renmen bwè dlo apre sa a!

5



Kèk fwa lè nou nan magazen an, mwen vle wè  
yon bagay pi pre, sa fè m kouri vit anpil pou m  
deplase kite manman m oswa papa m.

6



Lè mwen deplase kite manman m ak papa m, sa fè  
yo sezi anpil! Sa ka rann yo strese anpil. Manman m  
ak papa m konn di m "SISPANN". Lè m tane yo di  
"SISPANN", mwen dwe sispann kouri epi retounen  
ale jwenn manman m ak papa m.



## Kijan pou Anpeche Konpòtman Kouri Kite Kay la: Yon Istwa Sosyal (suit)

7



Olye m kouri deplase kite yo, mwen konn sere men manman m oswa papa m epi mwen kenbe l byen di. Si mwen vle wè yon bagay pi pre, m ap mande yo sa anvan.

8



Si mwen kenbe men manman m oswa papa m, epi mwen di yo sa anvan m kouri deplase kite yo, ebyen y ap konnen mwen an sekirite epi m kontan! Li enpòtan pou rete an sekirite epi rete toupre manman w ak papa w!

9



Lè m lakay, mwen renmen leve bonè. Si mwen leve bonè epi tout lòt moun yo ap dòmi, mwen dwe sonje pou m rete anndan. Mwen ka rete jwen nan chanm mwen epi jwe ak jwèt mwen yo.

10



Kèk fwa tou, mwen renmen detake pòt la. Sa plen danje ladan !! Manman m ak papam se yo k pi fò nan itilize takèt la! Si mwen vle detake pòt la, mwen kapab mande moun ede m.

11






Lè mwen pa manyen takèt la, manman m ak papa m pral konnen mwen an sekirite. Sa rann manman m ak papa m kontan anpil!

12



Mwen kapab santi m yon gran gason lè m kenbe men manman m ak papa m epi lè m rete lwen takèt pòt la. Mwen rann yo fyè anpil!

## Konpòtman Moun K ap Kite Kay yo (suit)

 SA POU W FÈ YO	 SA POU W PA FÈ YO
 Di timoun ou an sa pou l fè <b>egzakteman</b> yo	 Di timoun ou a sa <b>l ap fè ki pa bon</b> sèlman
 "Tanpri kenbe men mwen epi mache ansanm ak mwen" 	 "SISPANN kouri!! PA deplase kouri poukont ou" 
 <b>Pale</b> sou konpòtman ou vle timoun an genyen an epi <b>felisite l pou bon konpòtman li</b>	 <b>Inyore amelyorasyon</b> , kèlkeswa yo anpil oswa yo piti
 "Ou fè yon bon chwa paske w deside kenbe men m pandan w ap mache a!"	 "Pa rete ap aji tankou yon jij"
 Bay li yon <b>rekonpans</b> nan moman an	 Prete <b>atansyon</b> a angajman li pran nan <b>konpòtman ki difisil epi dezagreyab</b> yo*
 "Pran ti manje sa ou renmen anpil la, ann al fè aktivite sa ou prefere a oswa men bagay ou pi pito a poutèt ou te rete san mete tèt ou an danje lè n t ap tounen lakay la"	 "Konbyen fwa mwen dwe di w sa? Poukisa ou p ap tande? Poukisa w pa kapab sonje sa a?" 

\* Entèveni si sekirite se yon enkyetid

## Sekirite nan sa ki gen pou wè ak Dlo



Nan 20 dènye lane yo, lanmò moun ki souffri otis yo ogmante a 700 pousan. Nan yon etid nan lane 2017 Mailman School of Public Health nan Columbia University te fè, chèchè yo te idantifye timoun ki gen otis yo mouri plis nan **aksidan neye nan dlo**. Anseye timoun ou an sou sekirite l alantou dlo epi montre l naje se yon aspè enpòtan nan asire sekirite li. Suiv sis konsèy ki nan pwochen paj la pou w asire w ap pase yon moman ki san danje epi amizan.


**Klike sou oswa eskane kòd QR yo pou wè tout etid rechèch la ansanm ak Gid Eta BMC pou 2021 a!**



Rechèch



Gid Ete



## Sekirite Alantou Dlo (suit)

### 1. Otorize timoun ou an jwe nan dlo **yon fason ki SIPÈVIZE souvan**

- Plis tan pitit ou a pase nan dlo, se konfòtab l ap plis konfòtab epi l ap an sekirite tou.

### 2. Ou dwe pasyan ak timoun ou an lè l ap aprann naje.

- Fason yon timoun vin konfòtab nan dlo diferan sa depan timoun nan. **Pa bay timoun ou an presyon pou l aprann pi vit pandan** w al voye l naje nan kote ki fon oswa nan voye l al sote sou planch plonje a jiskaske l santi l pare epi li ka demontre li an sekirite.

### 3. Toujou rete ap voye je sou timoun ou an yon fason pou fè prevansyon si yon bagay ta rive l

- **Toujou voye je!**
- Pa mete nan tèt ou paske pitit ou a fin aprann naje ou kapab kite l san siveyans.
- Nan gwoup yo, **pa met nan tèt ou lòt granmoun ki nan espas la** ap siveye timoun ou an pou ou.

### 4. Toujou prete atansyon ak sityasyon danjere yo

- Timoun ki gen ASD yo souvan pa gen kontwòl danje ki alantou yo, sa ki rann yo gen plis ris nan dlo pase lòt timoun yo.
- Toujou sonje verifeye:
  - sifas ki glise yo
  - dlo ki twò glase
  - dlo ki fon anpil yo

### 5. Siveye vye **konpòtman kote timoun nan ka chape yo**

- Eseye konprann poukisa timoun nan ka vle chape kite espas la epi fè li konnen ki ris ki gen nan sa a

### 6. Asire w timoun nan gen yon **ekipman ak rad sekirite pou antre nan dlo**



- Ensiste pou timoun ou an mete yon djakèt sekirite oswa ayon vès flotman jiskaske l fin rive konn naje epi metrize kapasite sekirite nan dlo yo.
- **L ap toujou bezwen sipèvizyon** menm si li ekipe

## Leson Natasyon

Leson natasyon pou timoun ki gen bezwen espesyal yo disponib nan plizyè òganizasyon

#### ■ Local YMCA

- ◻ Pwogram Leson Natasyon "Water Wise"
- ◻ Aktivite Adaptasyon ak Enklizyon

✉ **Jerry Justice - justicej@northshoreymca.org**

#### ■ Swim Angelfish

- ◻ Espesyalize nan leson natasyon adapte pou moun ki gen bezwen espesyal yo.

#### ■ Autism Spectrum Disorder Foundation

- ◻ Li bay paran ki pa kapab peye kou natasyon yo nan tou peyi Etazini lajan bous.



- ◻ Peryòd Aplikasyon pou Bous la:

- Chak ane: 1ye me rive 21 me
- Enskri lè w voye yon imèl bay myasdf@yahoo.com pandan peryòd tan sa a.

- ◻ Bous

- Bay **asistans finansye dirèk** pou pwogram ou jwenn nan zòn ou an.



YMCA



Swim Angelfish



ASD Foundation

# Rekonesans ak Prevansyon Abi ak Abi Seksyèl

Asire sekirite moun pwòch nou yo vle di tou pou n edike timoun nou yo epi tèt nou sou kijan pou detekte epi prevwa vyolans, neglijan, ak abi seksyèl. Plizyè etid demontre nan yon fason ki konkrè prè kote timoun ki gen andikap devlopman yo gen plis ris pou yo abize yo. Pou mete moun pwòch nou yo an sekirite, nou ap ba w definisyon abi, faktè ris yo, konsèy sou sa nou kapab fè pou redui risk, ak nimewo pou rele pou jwenn èd ak direksyon.

Q

## A Kesyon Moun Poze Souvan

### 1. Ak kisa abi fizik ak neglijan sanble lè moun ap fè yo?

**Abi fizik** se bagay tankou, men ki pa limite ak, souke, bat, mòde, frape, bay timoun koutpwen epi boule yo, kote aksyon sa yo se pa aksidan yo ye.

**Neglijan** se sitiyaasyon kote yon moun pa gen ase siveyans, manje, rad,abri, edikasyon, oswa swen medikal, kit se yon bagay yo fè ekspresyon ki li pa ta fè ekspresyon.

### 2. Ki siy ki ap demontre moun pwòch mwen an ta kapab viktim yon abi?

Gen siy ki parèt pi plis tankou kote **san kaye sou po moun nan, doule oswa pèd pwa li pa kapab eksplike**. Epi tou, genyen **chanjman nan konpòtman**, tankou l ap evite sèten moun oswa akote, li kapab menm endike li se yon viktim.

### 3. Si moun pwòch mwen an pa renmen pale, èske gen sèten bagay mwen ta dwe chèche konnen?

Kèk chanjman nan konpòtman pou w siveye se **retrè sosyal (li toujou lwen moun), sitiyaasyon kote li ap evite kèk moun oswa kote**, vye **konpòtman britsoukou** lè l devan kote oswa moun patikilye, oswa **dekadans devlopman**.

### 4. Si mwen sispèk moun pwòch mwen an se yon viktim abi, kisa mwen ta dwe fè?

**Kontakte fòs lòd yo tousuit. Li apwopriye pou rele 911 pou siyale abi.** Si abi a te fèt anndan etablisman yon ajans, kontakte ajans règlemantasyon Eta a ki li menm ap sipèvize òganizasyon an. Si moun pwòch ou a gen yon **Kowòdinatè Sèvis**, kontakte l sou suivi rapò a epi pou asire baliz sekirite yo an plas tousuit.

### 5. Kisa yon moun ki otistik kapab fè pou rete an sekirite?

Responsabilize moun ki gen otis yo pou yo kapab **lidè ak defann dwa yo nan yon fason apwopriye sosyalman**.

- Pale ak moun pwòch ou yo yon fason ki ouvè epi ki onèt sou **sekirite pèsònèl, limit ki dwe genyen yo, fason pou di non, epi manyen ki sen ak manyen ki pa sen**.
- Bay pitit ou a opòtinite pou l jwe wòl ak/oswa pale sou sitiyaasyon ki kapab danjere epi pratike fason yo kapab reponn ak s ayo.
- Anseye timoun ou a konpetans konkrè epi espesifik sou **KIJAN ak KIYÈS pou yo alète pou jwenn asistans epi KISA yo dwe** fè si yo sispèk y ap abize yo (refere a paj 11 la pou jwenn plis detay).
- Plis moun ki gen otis yo konnen kisa abi ye ansanm ak "siyal alèt yo" se pi bon l pi bon. Timoun ki otistik yo ta dwe kapab idantifye omwen de granmoun yo ka fè konfyans epi yo ka siyale abi yo sibi oswa ale mand eyo èd.

## Rekonesans ak Prevansyon Abi ak Abi Seksyèl (suit)

### 6. Èske li nesèsè pou pale ak timoun mwen an sou seksyalite?

Byenke sa kapab yon sijè ki difisil pou pale sou li, nou ap mande w annijans pou abòde danje abi seksyèl yo nan yon fason ki konfòtab pou timoun ou an. Edikasyon seksyèl ki baze sou prèv enpòtan anpil pou moun otistik yo epi se yon bagay yo ta dwe anseye nan yon fason ki klè epi konkrè. Li enpòtan pou pale sou diferans ki genyen ant konpòtman apwopriye ak konpòtman ki pa apwopriye, epi pou distenge ant divès kalite relasyon ki sen yo. Menm lè travay la kapab parèt boulvèsan, lè w kòmanse **BONÈ** epi w **DIRÈK** sa ap pi bon.

### 7. Kijan mwen ta dwe edike sou seksyalite?

Edikasyon seksyèl konpreyansif genyen ladan l yon enstriksyon sou twa domèn kontni diferan youn ak lòt:

- **Enfòmasyon debaz ak sekirite pèsònèl**
- **Valè endividyèl**
- **Konpetans sosyal**

Konsantre sou kapasite sekriite debaz yo ta dwe yon bagay ki ni nesèsè ni apwopriye pou moun ki nan espèk otistik la. Kapasite sa yo se:

- **Konprann vi prive** chak moun epi ki moun ki kapab oswa ki pa kapab ede w nan twalèt la oswa ak kapasite pèsònèl laswenyay yo.
- Konprann konsèp espas pèsònèl pou ni ou ni lòt moun yo
- **Itilize mo granmoun konn di** (egzanp, peni olye w di koulout)
- Rete toutouni nan chanm oswa twalèt sèlman
- **Fèmen epi take pòt twalèt** la oswa **pòt** kabin yo
- Itilize twalèt piblik yo yon moun alafwa
- Idantifikasyon pati nan kò yo



#### JWENN ÈD

Si yon timoun divilge yon ka abi:

Koute l byen epi pa janm blame timoun nan

Rele Liy Nasyonal

Abi sou Timoun la, Childhelp@ nan

**1.800.4.A.CHILD (1.800.422.4453)**

## Kijan pou Evite Abi Seksyèl


- Anseye timoun yo **non presi pati jeneital kò yo**.
- Evite konsantre espesyalman sou "danje etranje yo reprezante".
  - Toujou sonje **majorite timoun sibi abi nan men yon moun yo konnen epi fè konfyans**.
- Anseye timoun yo sou sekirite kòporèl ak diferans ki gen ant fason moun ap manyen yo ki OK ak sa ki PA OK yo. Fè timoun yo konnen yo gen dwa pou yo pran desizyon sou kò yo.
- **Responsabilize yo pou yo di "non"** lè yo pa vle yon moun manyen yo, menm si se pa yon fason ki seksyèl (egzanp, refize akolad yon fason ki janti) epi di "non" lè y ap manye lòt timoun.
- Asire w timoun yo konnen **granmoun ak timoun ki pi gran yo pa dwe janm mande pou ede yo ak pati jenital yo** (egzanp, benyen oswa ale nan twalèt).
- Anseye timoun yo pou yo **pran swen pati jenital yo** (egzanp (benyen, siye apre yo fin sot nan twalèt) pou yo pa bezwen rete tann se yon granmoun oswa lòt timoun ki vin ede yo fè sa a.
- Edike timoun yo sou **diferans ki genyen ant bon sekre** (sètadi, yon sekre a koutèm pou yon sipriz) ak **move sekre** (sa kote yon moun mande yon timoun pou l pa janm pataje l).
- Fè entyisyon w konfyans! **Si w santi w pa alèz pou w kite timoun ou an ak yon moun, pa fè sa a**. Si ou gen sousi konsènan posibilite abi seksyèl, poze kesyon.



# Enpresyon

Pi ba a w ap jwenn kèk siy ak kat a plizyè itilizasyon ou kapab enprime epi itilize pou konsiy sekirite.

**Klike sou oswa eskane kòd QR yo pou enprime siy yo!**



## Siy Sispann, Panse, Mande



**KANPE KOTE  
W YE A**



**PANSE AK SA W  
AP FÈ YO**



**MANDE  
PÈMISYON POU  
W DEPLASE**



**KANPE KOTE  
W YE A**



**PANSE AK SA W AP  
FÈ YO**




**MANDE PÈMISYON  
POU W DEPLASE**

## Siy Stop yo



## Kat "Mwen gen otis" yo

**I HAVE AUTISM** 

Hi, my name is \_\_\_\_\_.

I have a condition that impairs my ability to communicate and understand social cues.

Sometimes, I \_\_\_\_\_.

Please do not panic when you see me like this, perhaps I am just a little stressed.

You can treat me with \_\_\_\_\_ to help calm me down.

**MWEN GEN OTIS**


Bonjou, mwen rele \_\_\_\_\_.

Mwen gen yon kondisyon ki rann li difisil pou m kominike epi konprann endis sosyal yo.

Kèk fwa, mwen \_\_\_\_\_.

Tanpri, pa panike lè ou wè m konsa, petèt mwen strese yon ti kras.

Ou kapab trete m ak \_\_\_\_\_ pou ede m kalme m.

**I HAVE AUTISM** 


Hi, my name is \_\_\_\_\_.

I have a condition that impairs my ability to communicate and understand social cues.

Sometimes, I \_\_\_\_\_.

Please do not panic when you see me like this, perhaps I am just a little stressed.

You can treat me with \_\_\_\_\_ to help calm me down.



Kat "Mwen gen otis" yo

## Kat Telechajab Gratis Pathfinders For Autism yo

**Ou kapab ap poze tèt ou kesyon poutèt konpòtman timoun mwen an...**



**Pitit mwne an gen Twoub Espèk Otisitik la.**  
**Nou ap fè tout sa nou kapab pou sa a.**  
**Mèsi paske w konprann.**

**Pou plis enfòmasyon sou Otis, ale sou [www.pathfindersforautism.org](http://www.pathfindersforautism.org)**

Otis se yon diferans newolojikal ki gen yon enpak so pwosesis sansoryèl kominikasyon an, entèraksyon sosyal yo, ak konpòtman yo. Otis se pa yon pwoblèm konpòtman. Pitit mwen an wè epi viv mond lan yon fason diferan ak ou epi mwen menm epi li kapab reyaji fas ak doulè, yon sipli chaj sansoryèl, fristrasyon nan kominikasyon, oswa yon sans panik.

**Pou plis enfòmasyon sou Twoub Espèk Otis la, kontakte Pathfinders for Autism**  
 443-330-5341  
[www.pathfindersforautism.org](http://www.pathfindersforautism.org)





2023



## The Autism Program

AT BOSTON MEDICAL CENTER

Gid resous Sekirite sa a se yon gid The Autism Program nan BMC devlope ansanm ak estajyè ane 2021/2022 yo Valeria Robayo, Veronica Perdomo, Cindy Luo, Kylie Graves, Rachel Park ak Riley Contee, an kolaborasyon ak Ofisye Michelle Maffeo nan Depatman Polis Boston an.